



OFFICE OF ADMINISTRATIVE TRIALS AND HEARINGS

Help Center

Kisa w dwe konnen si yo te ba w yon sitasyon ki akize w pou vyolasyon Lwa Eta New York sou Kanabis

Kisa Lwa Eta New York sou Kanabis la di?

Nenpòt moun oswa biznis ki patisipe nan vann, distribiye, fè don kanabis ak pwodwi kanabis yo san yo pa gen lisans ka oblige sibi sanksyon. Cherif NYC a ka bay lòd pou yon moun ki vyole lwa a sispann aktivite a. Cherif la ka bay lòd tou pou mete sou sele, yon lokal kote moun ap vyole lwa kanabis la nan fason ki reprezante "yon menas iminan" (pa egzanp, fè aktivite yo toupre yon lekòl, vann bay minè, trete kanabis nan lokal la san yo pa gen lisans, rete ouvè apre yo te bay yon premye lòd pou fèmen, elatriye).

Kisa mwen ka fè si yo te ban m yon sitasyon?

Ou ka li paj devan ak paj dèyè sitasyon an yo pou w jwenn enstriksyon sou opsyon ou genyen yo. Si ou ta renmen konteste sitasyon an, ou gen dwa pou gen yon odyans nan OATH nan senk jou ouvrab apre yo te bay sitasyon an. Lalwa otorize OATH pou i òganize odyans sou kalite sitasyon sa yo, pou pran desizyon konsènan sitasyon sa yo, epi pou fè rekòmandasyon bay Cherif la sou òdonans pou mete sou sele yo. Ou gen dwa pou w angaje pwòp reprezantasyon legal ou, men li pa obligatwa. Nan odyans ou an, ou ka mande pou gen yon entèprèt gratis nan lang ou chwazi a. Ou gen dwa prezante prèv ou yo epi rele temwen ou yo vin temwaye. Si ou pa prè pou konteste sitasyon an nan dat oswa anvan dat odyans ki prevwa nan sitasyon an, ebyen ou ka ale nan [nyc.gov/oath/reschedule](#) oswa prezante nan nenpòt nan biwo odyans OATH la yo pou mande pou yo repwograme odyans lan yon fwa.

Èske mwen ka peye amann lan olye pou m ale nan yon odyans?

Si ou ta pito peye amann yo egzije nan sitasyon an epi ou pa ale nan odyans lan, ou ka fè sa nan dat oswa anvan dat odyans ou an pwograme a. Ou ka peye sou entènèt, pa lapòs oswa an pèsòn nan nenpòt sant biznis Depatman Finans lan. Si w peye anvan dat odyans ou an, w ap admèt ou te komèt enfrafrakson yo akize w pou li a.

Men, si Cherif la te bay yon òdonans pou mete sou sele, peman ou bay pou sitasyon an p ap afekte òdonans pou mete sou sele a epi li p ap fè yo relouvre lokal ki sou sele a. Pou w konteste òdonans pou mete sou sele a, ou ka patisipe nan odyans ki pwograme a nan OATH.

Kijan pou mwen reponn yon sitasyon ki akize m pou vyolasyon lwa Eta New York sou kanabis la?

Ou dwe kontakte OATH san pèdi tan dèke ou resevwa sitasyon an ak anvan dat odyans ki prevwa nan sitasyon an. Ou ka voye yon imèl bay minisipalite kote vyolasyon ki prezime an te fèt la pou mande yon odyans: Bronx: RemoteBronx@oath.nyc.gov; Staten Island: RemoteSI@oath.nyc.gov; Brooklyn: RemoteBKLYN@oath.nyc.gov; Manhattan: RemoteManhattan@oath.nyc.gov; Queens: RemoteLIC@oath.nyc.gov. Tanpri asire w ke ou mete tout nimewo sitasyon yo nan demann ou voye nan imel la.

Byenke ou gen dwa pou gen yon odyans akselere nan OATH (nan 5 jou ouvrab apati lè yo te bay sitasyon an), ou pa gen dwa pou jwenn yon odyans akselere si ou repwograme dosye a, ranvwaye dosye a, oswa si w pa reponn sitasyon an nan dat oswa anvan dat odyans ki prevwa nan sitasyon ou an.

E si mwen pa reponn sitasyon an epi mwen pa parèt pou yon odyans (defo)?

Si ou pa peye amann ki prevwa nan sitasyon an anvan dat odyans lan epi oumenm oswa reprezantan ou pa patisipe nan yon odyans pou konteste sitasyon ou an, yo pral jije ou te komèt enfrafrakson yo akize w pou li a pa defo epi yo pral enpoze yon amann \$ 10,000 pou chak sitasyon ki an defo epi yo ka kenbe òdonans pou mete sou sele a an plas pou jiska yon ane.

Règ OATH la yo bay pati defayant yo okazyon pou yo fè yon rekèt pou yo anile defo a epi pou yo gen yon nouvo odyans sou sitasyon an ak òdonans pou mete sou sele a. Al sou [nyc.gov/hearings](#) pou aprann plis sou defo yo ak jwenn fòmilè ki nesesè pou mande yon nouvo odyans lan.



OFFICE OF ADMINISTRATIVE TRIALS AND HEARINGS

Help Center

Kisa k ap pase nan Odyans lan?

Nan odyans lan, Ajan Odyans lan pral egzamine sitasyon an epi li pral bay ni Cherif NYC la (petisyonè a) ni oumenm (defandè a) okazyon pou nou prezante prèv ak agiman nou yo. Ou ka parèt poukонт ou oswa ou ka gen yon reprezantan otorize ki parèt onon ou oswa avèk ou. Ajan Odyans lan pral detèmine si pou l rejte sitasyon an oswa pou l konfime sitasyon an epi bay yon kontravasyon. Si sitasyon an fè referans a yon òdonans pou mete sou sele, Ajan Odyans lan pral egzamine tou si yo te bay òdonans pou mete sou sele a kòrèkteman.

Kisa k ap pase apre Odyans lan?

Apre odyans lan fini, OATH ap voye yon desizyon alekri bay pati ki konsène yo. Desizyon OATH pran konsènan sitasyon an se yon detèminasyon administratif final epi yo pa ka fè apèl devan OATH oswa devan Cherif NYC a. Rekòmandasyon OATH fè konsènan nenpòt òdonans pou mete sou sele sijè a yon detèminasyon final Cherif NYC a nan kat (4) jou ouvrab apre konklizyon odyans lan. Ou ka kontakte Cherif NYC a nan (718) 707-2100 pou soumèt nenpòt dokiman konsènan òdonans pou mete sou sele a.

Ki sanksyon k ap genyen si yo jwenn mwen te komèt vyolasyon an apre odyans lan?

Sanksyon an, si yo jwenn ou te komèt yon enfrakson, se yon amann \$ 10,000 pa jou tank vyolasyon an kontinye, epi jiska yon amann \$ 25,000 pou pi plis w ap peye. Se lalwa ki etabli amann yo epi yo pa ka redwi, anile oswa negosye yo nan lòt fason. Si Ajan Odyans lan fè yon rekòmandasyon bay Cherif NYC a pou kenbe òdonans pou mete sou sele a an plas, alò Cherif NYC a pral fè yon dènye detèminasyon sou òdonans pou mete sou sele a nan kat (4) jou ouvrab apre konklizyon odyans lan.

E si mwen gen kesyon sou yon òdonans pou mete sou sele a?

Tanpri kontakte Cherif NYC a nan (718) 707-2100.

Pou w jwenn plis èd, tanpri kontakte Sant Èd OATH la an pèsòn nan nenpòt biwo OATH, lendi rive vandredi, soti 8è nan maten rive 5è nan aprèmidi, pa telefòn nan (212) 436-0845, oswa pa imel nan Manhelpcenter@oath.nyc.gov.

Bronx
260 E.161st Street
Bronx, NY 10451

Brooklyn
9 Bond Street, 6th Floor
Brooklyn, NY 11201

Manhattan
66 John Street, 11th Floor
New York, NY 10038

Queens
31-00 47th Avenue
Long Island City, NY 11101

Staten Island
350 St. Marks Place
Staten Island, NY 10301